

Bonjour,

Mwen espere ke nou tout byen epi jwenn kèk lapè nan dezòd sezon fèt la. Mwen konnen 2022 te yon ane difisil pou anpil moun, donk mwen espere ke ou jwi repo sa a epi pase tan ak zanmi w ak fanmi w. Tout moun te okipe nan Haverhill Public Schools, pou fini ane a. Elèv atravè Distri a ap travay di e ap aprann avèk fòs, yo ap prepare tèt yo pou lavni. Lekòl yo te òganize anpil Konsè Jou Ferye ak selebrasyon ki montre jan elèv nou yo gen talan. Swiv nou sou paj rezo sosyal nou yo, [Facebook](#), [Instagram](#), ak [Twitter](#), pou wè bagay amizan k ap pase nan lekòl nou yo. Antanke yon kominote, nou fè lyezon ak patnè nou yo pou asire tout moun gen resous yo bezwen pou yon jou fèt agreyab. Si w toujou nan bezwen, tanpri vizite [Haverhill Public Schools website - Holiday Resource Guide](#). Nou rekonesan anpil dèske nou gen yon gwo kominote ki sipòte nou nan tout sans!

Nou te wè yon ogmantasyon nan maladi ak absans nan Distri a akòz COVID-19 oswa Grip la. Kòm yon rapèl dou, lè n ap pale de COVID-19, fo n songe nou poko soti nan rakbwa a; kounye a nou wè divès vèsyon kalite viris la ki vin plis popilè. Mwen ankouraje nou tout pou nou aktif epi pratike mezi prevansyon; lave men yo souvan, mete yon mask si sa nesesè, distans sosyal, vaksen, ak sa ki pi enpòtan: si ou pa santi w byen, rete lakay ou pi bon. Pou dènye aktyalizasyon konsènan COVID-19, vizite sit la [Commonwealth of Massachusetts website, COVID-19 Updates, and Information](#).

Nou ap chèche moun entelijan ak klere pou rantre nan ekip nou an epi n ap òganize yon Evènman Travay nan tout Distri a Mèkredi 28 Desanm 2022 apati 10:00 AM jiska 1:00 PM. Si w konnen yon moun ki gen yon pasyon pou ansèyman e ki renmen timoun, voye yo ban nou! Gade depliyen ki atache a pou plis enfòmasyon ak pozisyon ouvè, oswa vizite nou nan [sitwèb](#).

Orè vakans ivè:

Elèv/Lekòl - Fèmèn

- Vandredi, 23 desanm 2022 - Demi Jounen jiska
- Madi 3 janvye 2023

Biwo distri yo

- Lendi, 26 desanm 2022 - Obsèrans Jou Nwèl la
- Lendi, 2 janvye 2023 - Obsèrans Joudlan an

Lekòl yo ap relouvri pou tout elèv Mèkredi 4 janvye 2023

Mwen vle remèsye elèv nou yo, anplwaye yo, ak paran/gadyen yo pou jan ou te travay di ane sa a epi pataje ke mwen rekonesan anvè nou tout. Nou te travay ansanm ini malgre kèk defi ki te ranfòse nou ak ranfòse devouman nou an nan lekòl nou yo, elèv yo, ak kominote a.

Mwen swete nou tout yon bon fèt, kèlkeswa jan nou fete. Mwen espere ou gen anpil moman pou fè souvni ak moun ou renmen yo.

Margaret Marotta, EdD
Sipèentandan Lekòl yo

[Holiday Slide Show](#)



Haverhill Public Schools

JOB FAIR

WEDNESDAY, DECEMBER 28, 2022

10:00 AM – 1:00 PM

Haverhill High School

137 Monument Street

Haverhill, MA. 01832



Building Based Substitutes

Custodians

Food Service – Café Helpers – Part Time

ESP Kindergarten

ESP Library

ESP Special Education

School Nurses

Teacher HS Math

Teachers MS Science

Teachers Alternative Schools

Please visit <https://www.haverhill-ps.org/hr/current-employment-opportunities/>

for all our employment opportunities

Or to apply in person visit us at

Haverhill Public Schools

At City Hall

4 Summer Street – Suite 104

Haverhill, MA. 01830

DISTRICT WIDE POSITIONS * ONSITE INTERVIEWS

